



Pou Piblikasyon Imedya: 12/03/2017

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE LANSMAN INITE OPERASYONÈL KONT ITILIZASYON SACHÈ PLASTIK ATRAVÈ TOUT ETA A

Jodi a, Gouvènè Andrew M. Cuomo te anonse lansman Inite Operasyonèl Kont Itilizasyon Sachè Plastik Eta New York la (New York State Plastic Bag Task Force). Komisè Depatman Konsèvasyon Anviwonman eta a (State Department of Environmental Conservation), Basil Seggos pral dirije Inite Operasyonèl la ansanm ak Senatè Thomas O'Mara ak Manm Ansanble Steve Englebright kòm Koprezidan. Group travay sa gen lòd pou yo devlope yon rapò ak pwopoze lejislasyon pou reponn a enpak negatif itilizasyon sachè plastik yo genyen sou anviwonman eta a.

“New York antèt nasyon an lè nou pran aksyon odasye sa yo pou nou pwoteje anviwonman nou an – epe inite operasyonèl sa a make yon lòt etap vè lavan nan efò sa a,” **Gouvènè Cuomo te di.** “Enpak negatif sachè plastik yo koute resous natirèl New York yo chèn anpil, epi se yon pwoblèm ki egziste toupatou nan eta ki mande yon solisyon onivo tout eta a. Kowalisyon espesyalis divès yo pral pote eksperyans ak konsepsyon nesè pou atake pwoblèm sa a epi pwoteje anviwonman New York la pou anpil jenerasyon k ap vini ankò.”

Manm Inite Operasyonèl yo pral travay pou yo devlope yon plan inifòm ki ekitab atravè tout eta a pou reponn a pwoblèm itilizasyon sachè plastik nan New York la. Inite Operasyonèl la pral revize enfòmasyon ki soti nan minisipalite yo sou eksperyans yo ak solisyon yo pwopoze yo. Manm ki nan Inite Operasyonèl la yo gen ladan:

- Basil Seggos, ki se Komisè Depatman Konsèvasyon Anviwonman Eta New York la
- Senatè Thomas O'Mara, Sena Eta New York la
- Manm Ansanble Steve Englebright, Ansanble Eta New York la
- Stephen Acquario, ki se Direktè Egzekitif, Asosyasyon Konte Eta New York yo (New York Association of Counties)
- Marcia Bystryn, Lig Votè Konsèvasyon New York la (New York League of Conservation Voters)
- Michael Rosen, Alyans Endistri Pwodui Alimantè a (Food Industry Alliance)

Rezidan atravè New York yo itilize 23 milya sachè plastik chak ane. Yon bon valè nan sachè plastik sa yo jwenn fason pou yo lakoz fatra ak andomaje bèt sovaj yo, nou ka wè sa a nan vwa navigab nou an yo, sou bò lari yo ak nan lanmè ak lak nou yo. Anplis de sa, sachè sa yo pa byodegradab -- yo rete dire pandan anpil ane. Sèvis Asenisman Vil New York la (New York City Department of Sanitation) estime li kolekte an mwayèn 1,700 tòn sachè plastik chak semèn, k ap koute \$12.5 milyon nan depans eliminasyon dechè chak ane. Pandan eta atravè tou peyi a yo ap lite avèk pri anviwonmantal ak finansyè ki asosye ak itilizasyon sachè plastik la yo – New York ap trase chemen an lè nou ap devlope yon solisyon global pou tout eta a.

###

W'ap jwenn lòt nouvèl ki disponib sou sitwèb www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Ekzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418